


# Bvumawo Kuti Unombokanganisa

Munhu asingatombodi kukanganisa anopedzisira ava kuzvidya mwoyo kana kugumbukira vamwe. Ndozvauri here? Kana zvirizvo, edza kuita zvinotevera.

## 1 TSVAGA KUTI DAMBUDZIKO RIRI PAPI

Tsvaga paunoona kuti unowanzoda kuita zvinhu usingakanganisi.



**KUCHIKORO**  
(Unorwadziwa chaizvo kana ukawana mamakisi akaderera pane zvaunotarisa.)



**KUMBA**  
(Kana uchichenesa mumba mako chinhu chese chinofanira kuva panzvimbo. Ukangoona chinhu chimwe chete chisiri panzvimbo unotsamwa.)



**USHAMWARI**  
(Hautombodi kuona vanhu vaunozivana navo vachikanganisa —kunyanya vava vaunowirirana navo.)



**PAMWEWO**

---



---

Iye zvino chinyatsofunga nezvepausingadi kukanganisa pachu. Ndezvipi zvaunoita zvinoratidza kuti haudi kukanganisa ipapo?

---



---



---

## 2 GADZIRISA

Bhaibheri rinoti “uchenjeri hunobva kumusoro . . . hunonzwisisa.” (Jakobho 3:17) Panyaya yawanyora kuti haudi kukanganisa pairi, chii chaungaita kuti usaita zvausingakwanisi. (Ungaitawo sei kuti usatarisire vamwe kuita zvavasingakwanisi?)

► Pane kuti ndi-

---

---

► Ndicha-

---

---



## 3 SARUDZA RUGWARO

Rugwaro rwupi rwungakubatsira?

'Iva nemwero pakufamba naMwari wako.'—Mika 6:8.

“Haiwa Jah, kudai maitarira kukanganisa, haiwa Jehovha, ndiani aizomira?”—Pisarema 130:3.

“Hapana munhu akarurama panyika anoramba achiita zvakana.”—Muparidzi 7:20.

“Vanhu vose vakatadza, vakakundikana kusvika pakubwinya kwaMwari.”—VaRoma 3:23.

“Kunzwisisa kwenyu ngakuzivikanwe.”—VaFiriipi 4:5.

Rugwaro rwawasarudza rwungakubatsira sei kuti usiye pfungwa dzekuzviona semunhu anofanira kuita zvinhu asingatombokanganisi?

---

---

---

---

---

---

---

---

## 4 TSVAGA WEKUTEVEDZERA

Ndeupi munhu anonzwisa *waungada* kutevedzera uye nemhaka yei?



“Pfungwa dzekuti handitombofaniri kukanganisa padzinouya, ndinoedza kufunga nezvevanhu vanondiyemura. Chimwe chinoita kuti ndivayemure ndechekuti ndinonzwa ndakasununguka kana ndiinavo. Ndinoda kuti vamwe vafunge nezvangu saizvozvo, uye izvi zvinondibatsira kuti ndisiyane nepfungwa dzekuzviita munhu anogona zvese, asingakanganisi.”—Anna.

---

---

---

---

---

---



## 5 IVA NECHINANGWA

Ndezvipi zvaungaita kuti urwise pfungwa dzekuzviita munhu asingatombokanganisi?

“Kana zvinhu zvikasaitika sezvawanga wakaronga, zviudze kuti wamboedza. Tarisa zvakanaka zvaunenge uchiita. Dzidza pane zvaunenge wakanganisa.”  
—Kara

---

---

---

---